

Dwa ak Responsablite Moun ki ap Patisipe nan pwogram WIC yo

Mwen te resevwa enfòmasyon sou dwa ak responsablite mwen genyen antanke moun k ap patisipe nan Pwogram WIC la. Mwen rekonèt mwen gen dwa:

- Pou m resevwa tretman ki jis epi ki respekte moun nan men pèsònèl Pwogram WIC la ak anplwaye makèt ki nan pwogram nan.
- Pou mwen mande pou enfòmasyon mwen te bay pèsònèl Pwogram WIC la rete sekre. Yo p ap pataje yo ak okenn moun ki pa nan Pwogram WIC la san pèmisyon mwen.
- Pou mwen jwenn fòmasyon nan zafè nitrisyon ak enfòmasyon sou swen sante ak lòt sèvis ki itil.
- Pou mwen itilize nenpòt makèt oswa famasi nan Eta New York ki gen otorizasyon pou aksepte WIC.
- Pou mwen jwenn manje ki gen tout bon bagay kò mwen ak kò pitit mwen an bezwen pou l an sante.
- Pou mwen mande pou yo transfere mwen nan yon lòt ajans WIC lokal.
- Pou yo di mwen alekri kilè ak poukisa avantaj Pwogram WIC yo ap fini.
- Pou mwen mande yon odyans ekitab si mwen pa dakò avèk desizyon yo pran sou elijiblite mwen an.

Enfòmasyon mwen te bay pou yo wè si mwen elijib pou Pwogram WIC la kòrèk, selon tout sa mwen konnen. Mwen rekonèt:

- Pwogram WIC nan Eta New York la gendwa otorize yo pataje enfòmasyon WIC mwen yo avèk pwogram sante ak pwogram edikasyon espesifik tankou Medicaid, Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), Asistans Tanporè pou Fanmi ki Pòv (Temporary Assistance to Needy Families, TANF) ak Pwogram Asistans pou Gadri (Child Care Assistance Program). Ajans WIC Eta yo ak ajans WIC lokal yo ak òganizasyon piblik yo ap itilize enfòmasyon sa yo sèlman pou yo jere pwogram yo genyen ki fèt pou moun ki elijib pou Pwogram WIC la. Men pou ki rezon pwogram sa yo ka itilize enfòmasyon sa yo: pou detèmine si mwen elijib pou pwogram yo a; pou ban mwen enfòmasyon sou pwogram sa yo epi rann pwosesis aplikasyon an pi fasil; pou amelyore sante mwen, edikasyon mwen, oswa byennèt mwen si mwen deja enskri nan pwogram yo a; epi pou asire yo reponn ak bezwen mwen genyen nan zafè swen sante.
- Pèsònèl Pwogram WIC la gendwa verifye enfòmasyon mwen bay yo pou yo wè si yo kòrèk. Yo gendwa kontakte patwon mwen yo oswa lòt moun pou yo konnen konbyen kòb mwen fè. Yo gendwa pran dosye taks mwen yo nan men Depatman Taksasyon ak Finans (Department of Taxation and Finance) Eta New York. Lè yo ap deside si mwen kapab patisipe nan pwogram WIC la, yo ap sèlman mande enfòmasyon douz (12) dènye mwa yo anvan mwen te aplike. Si yo ap chèche konnen si mwen te vyole règ Pwogram WIC yo, yo gendwa mande enfòmasyon pou nenpòt peryòd kote mwen te benefisye avantaj Pwogram WIC yo.
- Fòk mwen mete ajans WIC ki nan zòn mwen an okouran si mwen prevwa demenaje, si nimewo telefòn mwen chanje, si revni nenpòt moun ki lakay mwen chanje, oswa si mwen vle ale nan yon lòt ajans WIC ki nan zòn nan.
- Si mwen pa di laverite oswa si mwen fè ekspre mwen kache enfòmasyon yo pou mwen ka benefisye avantaj Pwogram WIC yo, mwen ka oblije ranbouse Eta a lajan pou avantaj mwen pa t kalifye pou yo a. Epitou, Eta New York oswa otorite federal yo ka pousuiv mwen lajistis.
- Mwen ka enskri nan yonsèl Pwogram WIC. Mwen konfime mwen pa enskri nan okenn lòt Pwogram WIC pou kounye a.
- Manje Pwogram WIC yo se pou manm fanmi ki enskri yo sèlman. Mwen pa kapab vann, ofri pou vann, oswa fè kado avantaj Pwogram WIC yo nan okenn manyè.
- Si mwen bezwen chanje oswa fè yon ti kanpe sou pake manje mwen yo, mwen ap rele ajans WIC ki nan zòn mwen an.
- Se mwen ki responsab pou mwen trete pèsònèl ak anplwaye Pwogram WIC yo avèk koutwazi ak respè. Mwen rekonèt yo gendwa sispann oswa mete mwen deyò nan Pwogram WIC la si mwen fè pèsònèl oswa anplwaye Pwogram WIC yo menas oswa si mwen fè vyolans fizik sou yo.

Mwen konnen ajans WIC lokal la ap fè mwen jwenn sèvis sante yo ak fòmasyon nan zafè nitrisyon, epi yo ankouraje mwen patisipe nan sèvis sa yo.

Mwen konnen règ pou yon moun elijib ak patisipe nan Pwogram WIC la se menm bagay yo pou tout moun, kèlkeswa ras yo, koulè po yo, orijin nasyonal yo, laj yo, andikap yo oswa sèks yo.



Department
of Health

kontinye →

Fason pou Mande yon Odyans Ekitab

Si yo te refize aplikasyon ou te fè pou avantaj yo oswa yo te sispann avantaj ou yo, ou gen dwa pou w mande yon odyans ekitab. Yon odyans ekitab pèmèt ou di yon jij poukisa ou panse desizyon an pa bon. Fòk ou mande odyans lan nan espas 60 jou apre yo te fin refize aplikasyon w lan oswa apre yo te fin di ou avantaj ou yo ap fini an. Si ou pa mande li nan 60 jou, ou p ap gen posiblite pou genyen yon odyans ekitab.

Yon peryòd sètifikasyon se kantite tan ou ta pral fè ap benefisye avantaj Pwogram WIC yo. Si avantaj ou yo fini nan mitan peryòd sètifikasyon an epi ou pa mande yon odyans nan espas 15 jou, avantaj WIC ou yo ap kontinye jiskaske ou konnen rezilta odyans lan oswa jiskaske peryòd sètifikasyon an fini, nenpòt sa k rive anvan an. Mande yon odyans nan ajans WIC ki nan zòn ou an (pèsònèl la ap ede w) oswa kontakte Pwogram WIC ki nan Eta New York la:

lapòs: WIC Program Director
NYSDOH, Riverview Center
150 Broadway, 6th Floor
Albany, NY 12204

telefòn: (518) 402-7093;
faks: (518) 402-7348; oswa
imèl: NYSWIC@HEALTH.NY.GOV

Sa se deklarasyon atestasyon mwen te siyen nan sistèm enfòmasyon la anvan mwen te resevwa avantaj pwogram WIC mwen yo:

Yo te di mwen dwa ak obligasyon mwen genyen nan kad Pwogram WIC la. Mwen konfime enfòmasyon mwen te bay pou yo detèmine elijiblite mwen an konplè ak kòrèk selon tout sa mwen konnen. Mwen bay enfòmasyon sa yo pou mwen ka benefisye avantaj Pwogram WIC yo epi mwen rekonèt otorite ajans WIC Eta oswa lokal yo ka verifye enfòmasyon yo si sa nesèsè lè yo kontakte patwon yo oswa lòt moun pou yo konnen konbyen kòb mwen fè, ak/oswa lè yo pran dosye taks mwen yo nan men Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York. Mwen bay Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York otorizasyon pou li pibliye dosye taks mwen yo pou rezon sa a, ki ka gen ladan yo kèk enfòmasyon sou travay patwon yo te bay Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York nan sa ki konsène enfòmasyon sou Nouvo Anplwaye ak Deklarasyon Salè (New Hire and Wage Reporting). Epitou, mwen rekonèt lè mwen fè ekspresyon bay manti, sa ka mete mwen nan pwoblèm avèk lajistis, kit se onivo Eta ak/oswa onivo federal. Fè ekspresyon bay manti vle di ou fè fo, ou kache oswa pa di revni moun lakay ou, kantite moun ki lakay ou, enfòmasyon medikal ou, estati Medicaid ou ak kote ou rete, men gen lòt bagay grav toujou. Epitou, mwen rekonèt lè mwen fè yon fo deklarasyon oswa yon deklarasyon malatchong oswa lè mwen bay manti, kache oswa neglije enfòmasyon yo, sa ka fè yo mete mwen deyò nan pwogram nan epi yo ka mande mwen ranbouse valè lajan avantaj WIC mwen te benefisye nan move kondisyon yo kit mwen te gen entansyon benefisye yo nan move kondisyon kit mwen pa t gen entansyon benefisye yo nan move kondisyon. Pou fini, mwen rekonèt mwen ka enskri nan yonsèl Pwogram WIC. Mwen sètifye mwen pa enskri nan okenn lòt Pwogram WIC pou kounye a. Mwen mande pou yo banmwen avantaj yo jodi a.

Dapre lwa sou dwa sivil federal ak règleman ak politik Depatman Agrikilti Ameriken (USDA), enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki gen ladan idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj, oswa reprezay oswa revanj pou aktivite anvan dwa sivil yo.

Yo kapab mete enfòmasyon sou pwogram yo disponib nan lòt lang ki pa Angle. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen komunikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram yo (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken), ta dwe kontakte responsab Ajans Eta oswa lokal ki administre pwogram lan oswa USDA's TARGET Center nan (202) 720-2600 (vwa ak TTY) oswa kontakte USDA atravè Sèvis Relay Federal la nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram lan, yon moun k ap pote plent ta dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Ou kapab jwen yon Fòmilè pou Plent sou Diskriminasyon nan Pwogram USDA a sou Entènèt nan: <https://www.fns.usda.gov/sites/default/files/resource-files/ad3027-haitian-creole.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, lè w rele (866) 632-9992, oswa lè w ekri yon lèt ki adrese bay USDA. Lèt la dwe genyen non moun k ap pote plent lan, adrès, nimewo telefòn, ak yon deskripsyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòmasyon Asistan Sekretè Dwa Sivil la (ASCR) sou nati ak dat yon swadizan vyolasyon dwa sivil la. Ou dwe soumèt fòm oswa lèt AD-3027 ki ranpli nan USDA pa:

- (1) pa lapòs: U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410; oswa
- (2) faks: (833) 256-1665 oswa (202) 690-7442; oswa
- (3) imèl: program.intake@usda.gov

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egalego.

Pou lòt plent yo oswa pou mande yon kontak pou odyans ekitab:

- (1) lapòs: WIC Program Director
NYSDOH, Riverview Center
150 Broadway, 6th Floor
Albany, NY 12204; oswa
 - (2) telefòn: (518) 402-7093; faks (518) 402-7348; oswa
 - (3) imèl: NYSWIC@HEALTH.NY.GOV
-